You bi small pikin if you neva rish 18 years

SMAL SMAL PIKIN WEY ENTER FRANCE WIT OUT PAPA OR MAMA:

# WETIN BI DI RIGHT DEM WEY YOU GET?

## DIS NA SMAL SMAL ADVIS AND PEPLE WEY FIT HELP YOU

European Union sef put money down

E BETA MAKE YOU SABI

Di wok of dis profeshonal peple: police, lawya, pesin wey stand as papa or mama, teacher, judge and doctor dem na to keep you safe make bad tin no do you

Make you tell dem yor tori, make dem for help you

You get right to get chop, house wey you go stay, school, to go hospital if you no well… and everi tin dey free for pikin!

Make you no fear to ask dem queshon about tins wey you no sabi abi di tins dem talk wey bi say you no gree

**NA HERE YOU FIT FIND DI PROFESHONALS DEM WEY FIT HELP YOU:**

www.infomie.net/spip.php?rubrique124

**SMAL PIKIN LIFE WEY DEY INSIDE DANGER**

119


(di call na free)

If you no enter France with mama or papa abi pesin from yor family, di judge fit find pesin wey go stand as mama or papa for you abi pesin to help you during di time wey you go arrange yor paper and di time you go dey go court. Dis peple na beta beta peple wey go do you like yor mama and papa.  Dem dey here to help you make dem for respect all yor rights.





As di tin bi, na im dem go take find pesin to stand as mama or papa for you dis pesin go stay wit you until you rish 18 years, abi anoda pesin like dat wey no go tay plenti wit you, but im go stay til dem finish yor paper na di kind paper to stay patapata for dis countri.



## ABOUT POLICE DEM



Police
17
or 112
(di call na free)

Police dem dey here to help you, if e bi say pesin dey beat you or dey make you do bad bad tins wey you no want do. Make you hear well well, dem no go punish you for any tin wey you don do befor wey be say na pesin force you to do am, even if na bad bad tins sef.

If police begin queshon you, you get right make big pesin wey get sense, or associashon, or lawya, even sef pesin wey dey speak yor own language dey dia wit you for free. Make you see say you ask for dis peple wey we talk so!

## ABOUT DI PEPLE WEY DEM WOK NA TO KEEP SMAL PIKIN SAFE

↗ For France here, e hard befor pesin fit sabi say smal pikin wey com from anoda countri dey by im sef. When dis kin tin happen, na di ASE (Peple wey dey care for smal pikin dem) na dem wok to find you chop, house to stay; school...

↗ Na any time, diferent difrent associashon dem fit help you so dat di ASE peple go put hand for yor mata, make you for begin get free tins.

↗ As we arrange am, you fit come begin: meet oda smal smal pikin, play enjoyment, talk to beta big big peple, dey go see doctor dem (di ones wey go talk about tins wey dey worry you for mind, di ones for women dem, and di ones for pesin teet...) abi begin dey learn French.

## NA WETIN BI DIS TIN DEM DEY CALL HUMAN TRAFFICKING SEF?

You or yor friends sef fit dey inside dis trafficking tin, wey bi say una no sabi sef.

You don dey befor wey bi say you :

- ↗ do kpokirikpo or do tins wey bi like kpokirikpo?
- ↗ do difren wok (like house girl wok, baby nurse, factory wok or wok for place wey dem dey sell chop)?
- ↗ beg, teif, or commit bad tins?
- ↗ plant, carri, or sell drug?
- ↗ comot organ from inside yor bodi come sell am to anoda pesin?
- ↗ Pay di moni wey you owe anoda pesin but as moni no dey yor hand you come begin wok for di pesin or do oda tins to pay am back?

Pesin dey give you or yor family too much palava?


If you ansa « yes » to any of dis queshon dem, na im bi say you or yor friend dem fit bi pesin wey dem dey traffick.

Find one profeshonal make you talk to am if dis tin dey worry you for mind, make dem for stop am, and make oda small pikin dem no suffer am.

DIS TIN WEY DEM DEY CALL HUMAN TRAFFICKING NA REALLY BAD OFFENSE WEY DEY SPOIL YOR RIGHT.

**LIST OF DI GROUP WEY DEM DEY CALL; «TOGETHER AGAINST TRAFFICKING IN HUMAN BEINGS»:**

http://contrelatraite.org/



## FOR FRANCE HERE, YOU FIT ENJOY FREE ADVICE FROM LAWYA ABI DIFRENT ASSOCIATION DEM.



E get many cities for France wey dey give smal pikin lawya wey go help dem.

And different places around wey people wey sabi law dey and place wey dem fit settle problem dey inside France: www.annuaires.justice.gouv.fr

## HOW TO CHEK PESIN AGE

If you no get paper to show pesin di age wey you bi abi if some peple talk say dem no belive yor age, dem fit want check yor age:

See say you dey check yor paper dem well

Di way dem go do am bi say profeshonal fit ask you (queshon about yor school, yor family and di place wey dem born you etc)

dem fit test yor bone (do x-ray abi chek yor teet)

## MAKE YOU GO SEE LAWYA QUIK!

Example :

**in Paris**

**Palais de justice**
10 bd du Palais

01.42.36.34.87


**in Lyon**

42 rue de Bonnel

04.72.60.60.00

**MAKE YOU SHINE YOR EYE WELL WELL!**

You get right to tell dem say you gree abi you no gree to do any test. But make you see say you follow beta profeshonal dem wey sabi how dem fit help you make beta choice as tins dey happen.





Make you no fear to ask di profeshonal peple wey you meet how you fit get free care for hospital and about problem wey dey worry you inside your mind.





↗ For France here, if you neva rish 18 years dem gree make you stay for dem land begin chop di enjoyment from di peple wey dey care for smal pikin dem even if you no get paper like passport or birth certicat. Make you ask advise from profeshonal peple dem about how you fit get paper to wok (like if you want wok and you don reach 16 years abi if you don dey rish).

↗ Befor we come finis patapata, make you sabi say if fear dey catch you to go back to yor countri, you get right to make paper here make dem give you di paper wey dem dey call asylum. E dey possible for you to get am, e no mata wetin your age bi, but you must begin to do am quik quik. Dem go find you pesin wey dey wok for dem office abi pesin wey go stand for you like mama or papa to help you wen you begin do di paper.

For France here, to go school na free you no go pay moni, but na by force to go until you reach 16 year. Sontimes, e fit tay befor you find place but make you no stop, continu dey find am!



## Di OFPRA

**(na di French office for peple wey dey find asylum or bi refugee)** na dem go look yor asylum paper afta you don talk to pesin wey dey wok dia.

www.ofpra.gouv.fr/

9 o'clock to 3 o'clock
for afta noon
201 rue Carnot,
94136
Fontenay-sous-bois Cedex

**01.58.68.10.10**


You fit read dis paper make you take sabi di tin wey de happen:

https://ofpra.gouv.fr/sites/default/files/atoms/files/ofpra_guide_de_lasile_mie_en_france.pdf

## Di CIMADE

**dem bi peple wey dey help pesin wey come from anoda countri. Dem dey difren difrent town for France.**

www.lacimade.org/



INFO-CONTACTS

## PESIN WEY DEY HELP PEPLE KEEP DEM RIGHT

Dem fit take am if e bi say dem no respet di right of pikin dem.

Smal pikin sef fit take am use am for free.

**09.69.39.00.00**

(how much bi di call)

www.defenseurdesdroits.fr/fr/saisir-le-defenseur-des-droits

## BOK WEY DEM WRITE DI DIFRENT COURT FOR SMAL PIKIN DEM

becos you fit write leta to judge wey dey for smal pikin dem make im protect you:

www.annuaires.justice.gouv.fr/annuaires-12162/annuaire-des-points-dacces-au-droit-21772.html#cmq_path=liste&cmq_page=4


INFO-CONTACTS

# INFO-CONTACTS

Imprimé par Air France / Printed by Air France

Dem do am togeda wit:

Na di European Union peple put money down take make dis book for yor hand. All di tins wey dem write put inside na ECPAT France and im peple for ReACT project like : ECPAT Belgium, ECPAT Germany, ECPAT Netherlands and ECPAT UK get am, but no bi say na from European Union mouth di tins from comot.



http://graphiste-siteweb.com